



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SANT DAKÈY NORTH COUNTRY A YO PRAL BATI NAN THOUSAND ISLANDS

Sant Dakèy rejonal la pral fè pwomosyon touris, listwa, manje ak bwason lokal

Sant dakèy la sipoze ouvè nan fen 2018

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon Sant Dakèy North Country (North Country Welcome Center) ki pral tabli bò Pon Thousand Islands la nan Collins Landing, nan Konte Jefferson. Sant Dakèy la, ki se youn nan 11 sant dakèy y ap konstwi atravè eta a yo, ap fè vanse angajman Gouvènè a pran pou l kontinye devlope endistri touris la toupatou atravè eta a lè l pwomouvwa atraksyon, pwodwi alimantè, bwason atizanal ak lòt destinasyon lokal yo. Sant Dakèy North Country a sipoze ouvè pandan otòn 2018.

“Bote san parèy Thousand Islands ak Flèv St. Lawrence la ansanm avèk atraksyon lokal klas mondyal yo fè li se kote pafè pou Sant Dakèy North Country a”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Nouvo Sant Dakèy sa a pral fè pwomosyon atraksyon ak pwodui rejonal yo, soutni ekonomi lokal la epi ede mete an valè mèvèy ki se North Country a devan plizyè milye vizitè chak ane.”

Gras a siksè sant dakèy yo toupatou nan eta a, Sant Dakèy North Country a pral gen eleman ki gen pou wè espesifikman avèk rejon an epi ki gen rapò avèk listwa ak bote natirèl Flèv St. Lawrence la ak listwa zòn nan, avèk paregzanp atraksyon tankou Chato Boldt sou Heart Island nan Alexandria Bay ak Antique Boat Museum nan, nan Clayton. Sant dakèy la ap gen ladan yon mache Taste NY k ap prezante pwodui yo kiltive ak achte lokalman toupatou nan North Country. Finansman pou sant dakèy rejonal yo te jwenn apwobasyon kòm yon pati bidjè Ane Fiskal Eta New York la pou ane 2018 la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Sou Gouvènè Cuomo, touris ap pwospere epi soutni kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik rejonal toupatou nan eta a. Nouvo Sant Dakèy North Country a pral mete aksan sou envestisman sa yo nan ankouraje vizitè yo fè eksperyans pwen sayan rejon an epi envite sa k ap pase ladan li yo planifye retounen”.

Komisyone Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York, RoAnn Destito, te di, “Sant Dakèy North Country a ap bay vizitè yo yon fason fasil pou yo aprann sou tout bagay yo kapab fè ak wè yo nan bèl rejyon sa a nan Eta New York la, epi an menm tan ba yo yon gou pwodui lokal yo. Gouvènè Cuomo konsantre anpil sou fè pwomosyon touris nan tout Eta a epi Sant Dakèy yo se yon fason kle pou pouse ekonomi lokal yo. Sa fè mwen plezi dèske ekip OGS la pral jwe yon wòl nan konstriksyon nouvo espas trè enteresan sa a nan North Country”.

Komisyone Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Sant dakèy sa yo se yon fason fantastik pou klere atou rejyonal san parèy yo nan Eta nou an, tankou paregzanp pwodiktè ak biznis manje ak bwason agrikòl divès li yo. Sant Dakèy North Country a pral ofri yon opòtinite pou konsomatè yo pran gou pwodui ki fèt lakay nan North Country, ankouraje touris epi pouse ekonomi agrikòl la toupatou nan rejyon an”.

Komisyone Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), Paul A. Karas, te deklare, “Nouvo Sant Dakèy North Country a ap yon pòt dantre sou tout sa rejyon an gen pou ofri, l ap prezante bote li, moun li yo ak pwodui li yo. Sant Dakèy Gouvènè Cuomo yo fè pwomosyon touris rejyonal la epi an menm tan mete aksan sou bann atraksyon New York yo epi pouse aktivite ekonomik lokal la”.

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Depi nan kannotaj ak lapèch rive nan senpleman admire bote rejyon nou an, pa gen kote nan lemond tankou Thousand Islands. Gras a nouvo sant dakèy sa a, nou kapab montre vizitè yo—sitou sa ki sòti Kanada yo—tout sa zòn nou an gen pou ofri epi konsa, pouse endistri touris nou an ki gen yon enpòtans vital. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a poutèt li rekonèt Thousand Islands se kote pafè pou mete yon nouvo sant dakèy epi montre vizitè yo opòtinite san fen nou genyen yo pou lwazi anplennè, vizit touristik ak plis bagay toujou”.

Manm Asanble Addie Jenne te di, “Sant Dakèy la ki gen ladan konsèp Taste New York la ap yon bèl ajoutman nan rejyon nou an. Amelyorasyon kapasite nou pou nou fè pwomosyon pwodui lokal se yon bagay esansyèl pou ekonomi nou an ki baze sou agrikilti ak touris bò Flèv St. Lawrence la. Nou gen anpil pwodiktè premye klas epi ogmantasyon vant yo egzije yon ekspozisyon nouvo lokal sa a pral ofri. Nou konnen ki kantite sikilasyon ki genyen nan zòn nou an, epi kle a se fè vizitè sa yo rete epi jwenn rezon pou achte epi pase yon ti tan. Sa pral konpleman efò solid biznis ak atraksyon lokal yo epi ede ranfòse pwodiktè nou yo ak ekonomi an annantye. Mwen apresye angajman Gouvènè Cuomo pou li devlope sektè touris ak agrikilti nou yo nan North Country gras a pwojè sa a”.

Prezidan Asanble Lejislatif Konte Jefferson nan Scott Gray, te di konsa, “Gouvènè Cuomo fè investisman san presedan nan North Country, touris se yon pati enpòtan nan ekonomi ak mache travay nou an epi nou apresye dèske Gouvènè a ap pouse touris epi kreye djòb nan rejyon nou an. Sant Dakèy North Country a pral apiye sou reyisit sa a nan mete aksan sou tout bote natirèl, listwa ak atraksyon zòn nou an gen pou ofri”.

Kowòdonatè Pwogram Agrikòl Konte Jefferson nan Jay Matteson te deklare,
“Sant Dakèy North Country a se yon opòtinite eksepsyonèl pou mete aksan sou pwodui agrikòl nou yo, sitou bwason atizanal fèm nou yo, manje gou nou yo, ak destinasyon touris agrikòl nou yo. Li lè pou Pati Nò New York la gen yon bèl vitrin pou moun k ap vini nan Peyi nou an pase pa fwontyè nò nou an. Onon kominote agrikòl nou an annantye, mèsì Gouvènè Cuomo dèske ou fè sa posib”!

Ron Thomas, Pwopriyetè Uncle Sam Boat Tours nan Alexandria Bay, te deklare,
“Sant Dakèy sa a gen potansyèl chanje règ jwèt la pou Thousand Islands ak Konte Jefferson. Kounye a n ap gen kapasite montre sa zòn nou an gen pou ofri nan yon lokal trè vizib, dènye kri k ap gen aksè fasil pou antre ak sòti sou Route 81. Sa rafrechisan gen yon Gouvènè ki trete touris kòm endistri ki pwodui djòb li ye a. Tanpri ekspri apresyasyon pwofon mwen bay Gouvènè Cuomo poutèt li soutni touris epi investi nan lokal nesèsè anpil sa a”.

An Oktòb ki sot pase a, Gouvènè Cuomo te anonse gran ouvèti Sant Dakèy Long Island lan nan Dix Hills, Konte Suffolk. Depi lè sa a, Sant Dakèy Vil New York la vin ouvè nan Sant Javits la nan Manhattan, Sant Dakèy Mohawk Valley a ouvè nan Lock E-13, ant Fultonville ak Canajoharie sou bò New York State Thruway a, epi Sant Dakèy Southern Tier la vin ouvè nan Kirkwood, nan Konte Broome.

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo fè investisman san presedan nan endistri touris atravè tout Eta New York la, sa k ap atire yon kantite vizitè ak depans dirèk istorik. An 2016, New York te akeyi yon rekò 239 milyon vizitè ki te depanse prèske 65 milya dola ki jenere yon enpak ekonomik ki plis pase 100 milya dola ototal pou yon twazyèm ane deswit. Anplis de sa, endistri touris la se katyèm pi gran anplwayè nan eta a, k ap sipòte plis pase 914,000 djòb chak ane.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418